


Flanbo Verite A



**TIMOUN K'AP FÈ
LWANJ BONDYÈ**

(Gade istwa sa a nan paj 12)

TAB MATYÈ

Timoun K'ap Fè Lwanj Bondye	12
Editorial	3
Pi Lwen Pase Pwotestan yo	
Chapit 5	4
« Mete Lide Nou Sou Bagay Ki Bon » ..11	
Ede Nouvo Konvèti yo	15
Seksyon Paran	
Apèl pou Monte	
Leson 8d.....	22
Istwa Biblik	
Danyèl nan Fòs Lyon An	18
Istwa Mati yo	
Apòt Filip—Lanne - 54 Apre Kris	21
Seksyon Jenn	
Yon Ti Pri pou Peye	
Chapit 22b.....	26
Seksyon Timoun	
Yon Eskiz Ki Pa Valab Menm	30
Aktivite Timoun	34
Mwen Va Sèvi Jezi	Kouvèti Dèyè

Komite

Direktè

Dale E. Heisey

Duane Nisly

Mark Yoder

Paul Schrock

Noah Schrock

Antonio Valverde

Jesús Villegas

Sanford Yoder

Editè

Duane Nisly

Matthew Morhart

La Antorcha de la Verdad

Apartado Postal #15

Pital de San Carlos

Costa Rica, C. A.

Flanbo Verite A, se

Publicadora La Merced, ki

sitiye nan Santa Rita de

Rio Cuarto, Costa Rica, ki

pibliye li chak de (2) mwa.

PUBLICADORA LA

MERCED se yon konpayi

k'ap pibliye liv nan yon bi

pou yo pwopaje Levanjil

la. Yo pa fè sa pou lajan.

Okontrè, yo fè sa pou yo

pwopaje bon jan doktrin

biblik dapre kwayans

Anabatis yo, epi yo fè sa

pou sila yo k'ap resevwa

literati sa yo kapab jwenn

bon konsèy pratik pou

aplike nan lavi yo.

Desen Kouvèti a :

Randall Nisly

Editorial

Chè lektè :

Se te yon jou Dimanch, 22 Fevriye 2015. Solèy la te gentan kouche, epi mwen t'ap fè tout dènye aranjman yo pou m' pran vòl Lendi maten bonè bonè pou m' ale nan peyi Beliz. Madanm mwen te gentan ranje malèt mwen yo, epi konsa mwen te deside prepare kèk nan dokiman yo pou tout bagay te annòd depi davans. Mwen t'ap ranpli yon fòm, epi konsa mwen te rive kote yo mande m' ekri dat paspò mwen tapral espire. Ala yon sezisman lè m' te gade dat la sou paspò a. Se te 22 Fevriye 2015 ! Paspò m' espire ! Se pa posib ! Mwen te gentan pase anpil tan deja ap prepare yon sijè mwen tapral trete ak moun yo nan peyi Beliz. Mwen te depanse anpil kòb pou tikè a. Koulye a, tout bagay sa yo nèt t'ap pèdi paske dokiman m' yo pa t' ajou. Pa t' gen okenn chemen kote mwen te ka pase. Fòk mwen rele moun yo pou di yo mwen p'ap kapab vini ankò. Ala yon dekourajman !

De (2) mwa apre sa, mwen te labank ap travay sou yon dosye lè yo te mande m' kat idantifikasyon mwen. Mwen te lonje l' bay moun lan. Apre detwa minit, li te retounen ak kat la epi te di konsa : « Kat ou a espire, mesye. » Men kòman ? Èske se posib ? Men wi, se posib. Mwen gade kat la epi li te espire depi nan mwad Mas. Tèt chaje. Mwen pa t' gen okenn posibilite pou m' jere dosye a ankò jan m' te gen entansyon jere li a. Se pou m' vire ale. Ala yon dezyèm dekourajman !

De (2) okazyon sa yo te deranje m', epi yo te fè m' wont. Mwen pa t' ka regle sa m' te vle regle. Men, refi sa yo te pouse m' reflechi sou yon verite ki depase toude bagay sa yo nan enpòtans. San paspò mwen, mwen pa t' ka vwayaje, epi san kat idantifikasyon mwen an, mwen pa t' ka regle zafè m'. Nan yon sans, nou kapab di konfyans nou nan Jezi se yon paspò li ye. Si nou pa mete konfyans nou nan Li, epi si non nou pa ekri nan Liv Lavi a, se kòm si nou pa gen okenn dokiman pou n' regle sa nou bezwen regle.

Yon jou, twonpèt la va sonnen. Lè a va rive kote nou bezwen prezante devan Bondye pou n' jwenn aksè pou n' antre nan syèl la. Sila yo ki gen « dokiman » yo ajou va antre, epi se yo menm sèlman k'ap antre. P'ap gen okazyon pou moun kouri al mete « dokiman » yo ajou ankò. Pou mwen menm, mwen kapab di Bondye mèsì paske paspò a gentan renouvle epi kat idantifikasyon an pa rete anpil jou ankò pou li bon. Men, nan gran jou jijman an, p'ap genyen bagay konsa. P'ap gen okazyon pou moun ki pa ajou al' travay sou sa.

Genyen de (2) egzanp nan Bib la ki eklèsi verite sa a pou nou. Se istwa senk (5) jennfi tèt cho yo nan Matye chapit 25 epi istwa nonm rich la nan Lik chapit 16. Nan premye istwa a, senk (5) fi tèt cho yo pa t' gen tan pou yo ale plen lanp yo lwil. Se te twò ta. Nan dezyèm istwa a, nonm rich la te nan lanfè kote li te leve je l' pou l' wè Laza ki te bò kote Abraram nan syèl la. Pou nonm rich la, pa t' gen tan ankò pou li « mete dokiman li yo ajou » (ki vle di pou ranje lavi li). Jou a te rive sou tout moun sa yo, epi yo youn pa t' pare.

E ou menm, chè lektè ? Èske ou mete konfyans ou nan Jezi ? Èske tout « dokiman » ou yo anfòm ? Si twonpèt la ta sonnen koulye a menm, èske genyen prèv nan lavi ou ki pou idantifye ou kòm sitwayen syèl la ? Èske lavi ou pare ? Èske li ajou si Bondye ta mande ou kont jodi a ?

Pi Lwen Pase Pwotestan Yo

—Dal E. Aysì

Chapit 5

Kilès Nan Lakwa Sa Yo Se Vrè Lakwa Bib La ?

Te genyen yon silans pwofon lè majistra a te kanpe pou l' prezante santans lan. Se te 18 Me, 1527. Yon jijman t'ap fèt pou Michèl Satlè. Yo te gentan fè de (2) jou sou dosye a deja. Koulye a tribinal la te debòde ak moun ki te anvi tande sa jij yo tapral deside. Jij yo te fè prèske dezèdtan ap debat anvan yo te parèt ak desizyon final la pou gwo « eretik¹ » la ki te devan yo. Jijman sa a te fèt nan lavil Wotènbèg nan peyi Almay. Tout vil la nèt t'ap byen swiv jijman mesye. Li te yon mwàn katolik oparavan, epi li te devni lidè yon gwoup Anabatis apre. Men desizyon majistra a te li devan tribinal la :

« Men jijman ki pase ant reprezantan chè wa nou an epi Michèl Satlè : Yo va livre Michèl Satlè bay bouwo a ki va koupe lang mesye pou kòmanse ; apre sa, yo va voye mesye sou yo charyo kote yo va pike l' ak bout fè ki chofe nan dife pou yo dechire kò l' pandan de (2) fwa, epi pandan yo nan wout pou rive kote yo va touye li, yo va dechire kò l' senk (5) lòt fwa ankò. Alafen, yo va boule kò li jouk se sann ase ki rete...jan yo fè sa pou tout gwo eretik yo.² »

Se te de (2) jou apre sa³ yo te touye Satlè vre. Yo te swiv tout konsiy terib sa yo ki te ekri nan santans lan. Men kisa sòlda Kris sa a te fè pou li merite lanmò konsa ? Legliz la

te fè yon gran pèt lè Satlè te mouri. Men, se te yon ewo li te ye pou lafiwa Kreyen an. Li te gentan prepare l' pou jou sa a. Satlè te gentan konpoze yon chan avèk trèz (13) koupè pou esprime angajman li te genyen anvan Kris. Premye koupè a di konsa :

« Ansyman Jezi te bay pou disip Li yo k'ap mache nan limyè :

Mete pye ou nan tras pye pa M' yo ; bliye tèt ou, epi pran kwa ou.⁴ »

Nan chan sa a, Satlè, ki te mouri kòm yon mati, te peze sou sa Jezi te toujou di : Moun k'ap swiv Li se sila ki mache jan Li te mache. Gran Pwofèsè a te di konsa : « **Si yon moun vle mache dèyè M', se pou li bliye tèt li. Se pou li chaje kwa l' sou zepòl li chak jou, epi swiv Mwen** » (Lik 9.23). Sa se apèl Jezi ban nou pou n' vin disip Li. Obeyisans devan apèl sa a se mak la ki idantifye vrè legliz Jezi Kris la.

Lavi Kreyen An Se Nachfolge Christi⁵

Kisa ki genyen nan lavi Kreyen an ? Yon Katolik kapab reponn konsa : « Lavi Kreyen an se gras Bondye ki vini apati sakreman yo. » Pi gwo egzanp ki genyen pou sa se jan moun yo kwè yo resevwa vrè kò Kris la pandan y'ap manje pen Lasèn lan. Pou yo menm, yo kontinye nan gras la chak fwa yo patisipe nan yon mès osinon nan lòt sakreman yo.

Literyen yo pa t'ap reponn menm jan an. Yo t'ap di konsa : « Lavi Kreyen an se favè Bondye pou sila yo ki mete konfyans nan lanmò Jezi Kris sou lakwa kòm peman pou peche nou. » Deklarasyon sa a kouri sou pwen jistifikasyon an devan Bondye, epi li baze sou lafiwa sèlman. Li vrèman diferan ak Katolik la nan sans sa a. Li mete prèske tout responsabilite a pou sali sou do Bondye.

Genyen yon repons ki diferan ak toude repons sa yo ki anlè a. Se repons yon moun ki anbrase menm lafiwa ki te pouse Satlè mouri. Moun sa yo ta reponn kesyon an konsa : « Lavi kreyen an se amou Kreyatè a ki refè yon moun ki vrèman repanti. Amou sa a travay nan lavi moun lan k'ap swiv Kris epi k'ap obeye Pawòl Li. » Avèk repons sa a, nou wè lavi kreyen an kòm yon afè disip. Se yon mach li ye. Lavi kreyen an se mache selon Kris, se swiv tras pye Li yo. Yon moun se yon Kreyen si li viv jan Kris te viv. Sa se yon chanjman konplè li ye kote Kris ranplase « mwen menm » kòm pwen santral lavi moun lan. Bib la rele chanjman sa a nouvo nesans.

Frè yo nan peyi Almay epi nan peyi Laswis pandan sèzyèm syèk la te eseye etabli asanble yo selon modèl apòt yo. Yo te angaje yo pou yo *Nachfolge Christi*. Mo Alman sa yo vle di « mache dapre Kris. » Sa vle di yo te eseye imite egzanp Kris la. Men se pa sa sèlman. Yo te eseye viv selon tout vèti, tout gras, epi tout amou pitit Bondye yo te resevwa. Pou frè sa yo, pratikman sa vle di yo dwe dakò mouri tankou mati pou Kris. Plizyè mil moun te mouri konsa vre. Pozisyon *Nachfolge Christi* a esplik gran separasyon an ki te egziste ant yo menm avèk lemonn kote yo t'ap viv la. Li esplik separasyon an ki te egziste ant yo menm ak Pwotestan yo, epi ant yo menm ak legliz teritwa yo ki te jwi sipò leta a. Frè sa yo te byen serye sou sa Kris te mande disip Li yo. Ann etidye sa Jezi te di yo :

« *Moun ki pa pran kwa l' pou l' swiv Mwen, li pa kapab moun pa M' nonplis* » (Matye 10.38).

« *Yon moun ki vin jwenn Mwen, si li pa rayi papa l', manman l', pitit li, frè l', sè l', menm pwòp tèt pa l', li pa kapab disip Mwen. Moun ki pa pote kwa l' epi ki pa swiv Mwen, li pa kapab disip Mwen nonplis* » (Lik 14.26–27).

« *Konsa tou, nou youn la a pa ka disip Mwen, si l' pa detache kè l' sou tou sa l' genyen* » (Lik 14.33).

« *Si nou kenbe pawòl Mwen yo nan kè nou, nou se disip Mwen vre* » (Jan 8.31).

« *Men kijan pouvwa Papa M' lan va parèt aklè : se lè nou donnen anpil, lè nou fè wè se disip Mwen nou ye* » (Jan 15.8).

Se klè, lavi kretyen an se mache dapre Kris. Pawòl Kris transfòme disip Li yo. Li transfòme sa yo bay enpòtans ak sa yo motive pou yo fè. Li transfòme yo jouk yo pito bay lavi yo pase pou yo nye lafwa yo genyen an. Se sa ki *Nachfolge Christi*. Se sa ki lavi yon disip. Jezi te idantifye mouton yo ki nan pak Li a lè Li te di konsa : « *Mouton M' yo koute vwa M', Mwen konnen yo epi yo swiv Mwen* » (Jan 10.27). Pyè t'ap pale sou menm bagay la lè li te di konsa : « *Se pou sa menm Bondye te rele nou, paske Kris la te soufri pou nou. Li kite yon egzanp pou nou swiv pye pou pye* » (1 Pyè 2.21).

Kat (4) Siy Yon Disip

Nan epòk kote Satlè te viv la, anpil moun te idantifye tèt yo kòm Kretyen. Men, anpil nan yo pa t' sibi pèsèkasyon ak lanmò pou lafwa yo. Poukisa yo pa t' soufri

pandan te genyen lòt Kreyen ki t'ap bay lavi yo kòm mati ? Repons lan konekte avèk karakteristik yo ki vizib lakay yon disip Kris. Se siy sa yo ki pèmèt nou rekonèt yon moun k'ap mache dapre Kris toutbon. Kisa yo ye ?

Obeysans devan gran komisyon an (Matye 28.18–20). Yon disip Kris va serye nan reskonsabilite li genyen pou li pwoklame lafwa li san gade dèyè. Reskonsabilite a pou ale fè disip pou Kris nan tout nasyon pa rezève pou detwa pwofesyonèl. Pito, se devwa chak Kwayan alawonnbadè. Pou sila yo ki tankou Michèl Satlè, fidelite anvè komisyon sa a pi enpòtan pase travay lakay epi pi enpòtan pase travay pou lajan. Èske Kreyen a se pa yon etranje epi yon peleren sou tè sa a ? Nan ka sa a, li ta sipoze anonse Bòn Nouvèl la pou lemonn ki pèdi nan peche. Men, moun ki te fè pati Refòm Pwotestan an pa t' konprann kijan yo te ka fè evanjelizasyon nan yon teritwa ki deja swadizan Kreyen. Si tout abitan yo nan yon zòn te otomatikman manm legliz paske yo se sitwayen tèl nasyon, poukisa gran komisyon an egziste ? Sa esplike poukisa moun Refòm yo pa t' twoublye yo pou fè travay evanjelizasyon. Nasyon an se te yon nasyon kreyen li te ye. Pou yo menm, leta a ansanm ak chèf leta yo te tou evanjelize moun. Men, Kreyen yo ki t'ap swiv Bib la vre te kwè nan sa Jezi te deklare : « *Moun ki kwè epi ki resevwa batèm va delivre. Men, moun ki pa kwè va kondane* » (Mak 16.16).

Amou ki pratik, epi non-rezistans (Matye 5.38–48). Disip Jezi a separe ak lemonn dèske li pa patisipe nan sèvis militè ak nan politik. Amou diven pa pèmèt li touye lènmi l'. Amou diven pa pèmèt li trennen moun devan jij, ni chache vanjans pou sa yo fè l' ki mal. Lavi disip la se yon lavi ki debòde ak padon, ak lapè, epi ak renmen. Li pa kite sa ki mal gen pye sou li. Okontrè, li fè sa ki byen pou l' kraze sa ki mal (Gade Women 12.21). Pozisyon sa a mete Kreyen an dozado avèk leta a. Nou pa dwe gade sa kòm yon bagay ki dwòl, paske Jezi te anfas menm kalite konfli a avèk leta a. Èske nou pi gran pase Senyè a ? (Jan 15.20). Si se pa egzanp Kris la n'ap swiv, kisa ankò ki te ka gide lavi kreyen nou an ?

Pote lakwa soufrans lan (1 Pye 2.21). Moun lan k'ap mache dapre Jezi Kris gentan konprann tout lenjistis yo ki genyen nan lavi sa a va jwenn renmèd yo nan pye lakwa Kris. Moun sa a tou pare pou li pote kwa li nan chemen ki etwat la epi pou li mache kont tout vye kouran ki nan lemonn. Vre Kreyen an jwenn

plas li pami pèp Bondye a nan soufrans, menm jan ak Moyiz (Ebre 11.25). Kretyen an va asepte tout konsekans ki te ka genyen pou l' obeyi Kris. Menmsi li oblije pèdi byen, kouri kite lakay li osinon peyi li, sibi wont ak move trètman, oubyen menm mouri, l'ap dakò swiv Kris. Vre Kretyen an konnen li genyen yon eritaj ki pi bon, ki dire pi plis (Ebre 10.34).

Yon lavi sentete ki separe ak lemonn (Women 12.1–2). Disip la kwè Jezi te vini pou sove pèp Li a anba peche yo. Li byen serye devan kòmandman Senyè a kote Li te di : « **Ale. Pa peche ankò.** » Li konnen li jwenn apèl pou li viv tankou sèl epi tankou limyè devan je lemonn. Konsa, li rete lwen tout salte ak bagay channèl ki domine epòk kote l'ap viv la. Kòman yon moun ki gentan lave nan presye san Jezi a kapab renmen lemonn ansanm ak aktivite lemonn yo ? Kòman yon sòlda lafwa te kapab patisipe nan tenèb yon sosyete ki pa konvèti ? Bib la di l' byen klè : « **Pa renmen lemonn, ni anyen ki sòti nan lemonn. Si yon moun renmen lemonn, li pa gen renmen pou Papa a nan kè li** » (1 Jan 2.15). Li enposib pou yon moun mache dapre Pitit Gason Bondye a epi pou li konfòme avèk vye epòk mechan an kote l'ap viv la. Fòk nou tandè yon lòt fwa ankò vwa mesajè a ki te di : « **Sove tèt nou. Wete kò nou nan mitan moun pèvèti sa yo** » (Travay 2.40).

Nou gentan wè kat (4) karakteristik bibliki ki idantifye yon disip Kris. Li ede nou konprann poukisa te genyen anpil moun ki te swadizan Kretyen epi ki te asiste jijman Michèl Satlè san yo pa t' menm bezwen mete nan tèt yo yo te kapab tonbe anba menm kalite pèsèkasyon an yo menm tou. Yo pa t' viv selon kat (4) pwèn sa yo. Lafwa yo te genyen an pa t' separe yo avèk sosyete a kote yo t'ap viv la. Yo te rechte lakwa a.

Lakwa A Ki Nan Bib La

Lè Jezi te esplike sa ki nesesè pou yon vre disip, Li te mande moun yo pou yo pran kwa pa Li a. Se konsa Li fè nou konnen lakwa a pou lavi kretyen an se yon bagay pèsònèl li ye tou. Se pa yon kwa istorik ase. Se vre Kris te mouri sou lakwa pou redanmsyon nou epi pou satisfè jistis Bondye a. Si se pa pou sakrifis Kris la nan plas nou, pèsòn pa t'ap kapab prezante tèt li devan Bondye kòm yon moun ki gen rezon. Men, genyen twa (3) kwa diferan nan Nouvo Kontra a. Nou kapab wè yo nan Galat 6.14 : « **Pou mwen menm, mwen p'ap vante tèt mwen pou lòt bagay pase**

pou kwa Kris la. Paske, granmèsi kwa sa a, mwen mouri pou lemonn, lemonn mouri pou mwen. » Premye kwa a se lakwa kote Kris te rekonsilye lòm ki plen peche ansanm ak Bondye ki sen. Dezyèm kwa a se kote Kreyen an krisifye lemonn ansanm ak tout zèv pèvèti li yo. Se la a lemonn pèdi bèlte li devan Kwayan an, epi vye pouvwa lemonn lan vin san okenn efè nan lavi moun lan. Twazyèm kwa a se lakwa kreyen an. Se sou kwa sa a « ansyen moun lan » avèk tout dezi chanèl li yo va mouri. Konsa : « **Sa nou gen nan kò nou ki te konn fè nou fè peche a fini. Nou pa esklav peche ankò** » (Women 6.6). Se kwa sa a nou pran mete sou zepòl nou chak jou (Lik 9.23). Se la a nou soufri ansanm ak Kris la. Se sa ki apèl disip la menm.

Kisa lakwa a vle di pou sila yo ki jwenn bon akèy nan sosyete a, ki genyen sipò leta a, epi ki pa oblije soufri ? Kijan yo entèprete sa lakwa a vle di ? Ann pran Maten Litè. Li te genyen pwoteksyon leta a, epi li te viv plizoumwèn an sekirite. Legliz teritwa li Litè te etabli a pa t' sibi pèsekisyon. Te gen kwasans ekonomik ak kwasans nimerik. Pou Litè, lakwa a se te soufrans li te santi nan lespri li poutèt peche. Lakwa a, pou li menm, se te tansyon ant kò peche li a ak verite Bòn Nouvèl la. Lakwa a se te yon lit kote li t'ap goumen pou li soumèt devan gras Bondye a. Se pa t' yon konfli fizik avèk lemonn ki t'ap pèsekite li. Se te pito yon konfli entèn kote nanm li te anba konviksyon Sentespri a. Se fasil pou n' konprann kijan kwa sa a pa pwodwi mati. Li rete yon egzèsis lapyete oubyen devosyon andedan moun lan. Pa genyen prizon, pa genyen nepe, pa genyen dife pou moun k'ap viv konsa. Men pou Kris, lakwa a se te lanmò Li ; se pa t' yon lit nan lespri Li kont volonte Bondye a. Lakwa a se te pi gran espresyon amou Li te genyen pou lemonn ki pèdi. Lakwa a se te obeyisans devan plan sali a ki te toujou la. Sa lakwa a te ye pou Kris, se sa li ye pou chak disip ki fidèlman mache dapre Kris.

Kòman Lakwa Bib La Diferan Avèk « Levanjil » Ki Popilè Jounen Jodi A

Yon moun ki te byen saj te di sa yon lè : « Anpil moun swiv Kris rive kote yo kase pen an epi manje ansanm avèk Li, men se yon ti kras ki rete ap swiv Li jouk yo bwè koup lanmò a. » Gwo foul la toujou vle pou Jezi sove yo anba peche, men yo pa dakò pou Li vin Mèt nan lavi yo. Yo asepte òf Li bay la pou sali, men yo rechte lavi soufrans lan ki mache avèk lakwa a. « Levanjil » ki popilè jounen jodi a ofri moun egzakteman sa yon majorite ap chache : yon chemen ki fasil, men ki toujou rete yon chemen kreyen. Pou n' ka pi byen detaye diferans lan ant mesaj Jezi Kris la epi

mesaj « Levanjil la » jounen jodi a, ann gade sèt (7) pwen. Pou chak pwen, nou va wè kijan « Levanjil » jounen jodi a rete nan wout anvan li fin rive sou lakwa Kris la.

Levanjil Ki Popilè Jounen Jodi A	Chemen Lakwa A
1. Devni yon kwayan : kwè ase	Devni yon disip : viv tankou Kris
2. Depi ou jistifye devan Bondye, se kont	Jistifye epi sanktifye poutèt san Jezi
3. Lafwa nan travay Kris te fè a.	Obevisans devan sa Jezi te di yo.
4. Gras se favè Bondye a nou pa merite.	Gras se pisans Bondye a pou viv yon lavi ki sen.
5. Lapyete : sali nan kè a.	Lavi Disip : idantifikasyon ak wayòm Kris la devan tout moun
6. Tansyon ant Lalwa ak Bòn Nouvèl la	Tansyon ant Kris epi lemond
7. Enpòtans kredo ak doktrin	Enpòtans kondwit ak lespri

Mwen genyen nan men mwen yon ti bwochi. Se te yon jennfi ki te ekri li. Se jennfi sa a ki te bon nan yon konpetisyon yo rele « Demwazèl Amerikèn » —se yon konkou bèlte. Devan kèk milya moun ki t’ap gade sou televizyon, epi abiye ak yon rad ki te byen kout sou li, jennfi a te di « Bondye » mèsè dèskè Li te fè li rive nan bèl moman kote li te rive a. Èske madmwazèl sa a t’ap pran kwa li pou li swiv Kris ? Enposib ! Li t’ap satisfè lachè pa l’ epi lachè yon pakèt moun ki t’ap gade li. Byen petèt li te mete nan tèt li se yon Kwayan li ye, men li pa t’ byen gade sa ki nesèsè pou yon vrè disip Kris. Li te asepte yon lòt levanjil, epi li te konnen yon lòt kris. Men, **« Mèt la konnen moun ki moun pa Li. Tout moun ki di se pou Senyè a y’ap swiv, se pou yo sispann fè sa ki mal »** (2 Timote 2.19). « Demwazèl Amerikèn » pa oblije souffri tankou Michèl Satlè. Men, dapre Bòn Nouvèl Kris la, li dwe pè dife a k’ap tann sila yo ki mache nan chemen laj la. Yo di konsa : « Pèsonn pa ka konnen Kris toutbon si li pa swiv Kris nan lavi sa a. » Sa Jezi te di a tonbe daplon : **« Mouton M’ yo koute vwa M’, Mwen konnen yo epi yo swiv Mwen »** (Jan 10.27).





« Mete Lide Nou Sou Bagay Ki Bon »

—Sannfod Yodè

Mwen menm ak madanm mwen fin vye koulye a. Jou an jou, nou remake nou oblije kite yon seri aktivite nou te konn fè fasil oparavan. Sa vle di nou genyen plis tan pou n' chita kalkile. Nou wè ankò kijan li enpòtan pou lide nou yo okipe ak bagay ki bon epi ki nòb. Konsa, p'ap genyen plas pou vye lide ki dwòl. Gen yon pwovèb ki di konsa : « Yon moun ki p'ap fè anyen se zouti nan men Dyab la. » Ala yon gaspiyay si lide nou yo chaje ak panse ki pa vre. Pami yo genyen rimè, manti, lide ipokrizi, lenjistis, malpwòpte, ak rayisab. Sosyete pèvèti a ki antoure nou ap plede vide vye lide konsa sou tèt nou san rete. Sosyete a kowonpi epi tout plezi li se trennen nou desann nan menm nivo avè l'.

Ala yon privilèj nou genyen kote nou kapab ranpli lespri nou ak panse ki sòti nan renmen—panse ki nòb epi ki onorab. Nou bezwen priye epi mande Bondye pou Li ban nou gras pou n' kontwole panse nou yo. Filipyen 4.8 egzije nou pou nou : « *mete lide nou sou bagay ki bon, ki merite lwanj : bagay ki vre, ki kòrèk, ki dwat, ki bèl, ki p'ap fè nou wont.* » Tout sa se paske sa nou mete nan tèt nou pral detèmine sa nou ye toutbon !

Panse yo ki nan tèt nou se zam pisan yo ye nan batay la n'ap mennen chak jou. Ann di Bondye mèsi pou sa ! « *Zam m'ap sèvi nan batay m'ap mennen an, se pa menm ak zam moun k'ap viv dapre lide ki nan lemonn yo. Zam mwen se zam ki gen pouvwa devan Bondye pou kraze tout gwo fò. ⁵M'ap kraze tout pawòl eksplikasyon ki pa bon, m'ap kraze tou sa lèzòm nan lògèy yo ap fè pou anpeche moun konnen Bondye. M'ap mare tout vye lide ki nan tèt lèzòm yo, m'ap fè yo vin obeyi Kris la* » (2 Korènt 10.4–5).

Lè nou gen tan pou n' chita panse, piga nou gaspiye tan sa a ap travay sou lide ki pa vo anyen. Okontrè, se pou nou kiltive lide ki bon nèt, ki nòb, epi ki anba kontwòl Sentespri a. Se paske sa nou panse toujou afekte kilès moun nou ye. Li enflifyanse kijan nou viv ansanm ak moun yo ki antoure nou.

Panse nou yo fòme karaktè nou an.

Jenn bòs pent lan t'ap konsantre li sou travay li. Li t'ap pentire yon kay. Solèy la t'ap klere byen bèl. Zwazo t'ap chante pou Kreyatè yo a. Men bòs la pa t'apresye bèlte a ki te antoure li. Li pa t' tande ti chan zwazo yo. Lespri li te angaje avèk yon doulè li te santi. Se te yon lanmò ki t'ap domine li.

Poukisa gen lanmò ? O, poukisa pitit fi li a, ki te genyen sèlman katran, te oblije kite li konsa ? Chak fwa lide l' te tounen sou tifi a, li te santi yon kout kouto nan kè l'. Se kòmsi lajwa ki te nan kè li a te ale san li p'ap janm retounen ankò—jamè. Espwa li te toujou genyen pou yon bèl lavni te disparèt konplètman. Sèl konsolasyon li te genyen an se dèske li te konnen Nannsi te ansanm avèk Jezi ak zanj yo koulye a.

Pandan li t'ap kalkile bagay sa yo, gen yon ti vwa ki te distrè li. Yon tifi te rele : « Bonswa, mesye ! » Bòs la te leve je l' pou li gade lari a. Kilès moun ki te pale avèk li konsa ? Se te yon bèl tifi ki t'ap pwoche. Yon ti van t'ap fè cheve jenn tifi a danse anlè a.

Gade kijan li sanble ak Nannsi ! Se sa ki te nan tèt bòs la. Tifi a te monte yon ti bekàn twa (3) kawoutchou. Li vin kanpe devan kay la kote bòs la t'ap travay. Koulye a, li te mete yon pye atè, epi yon pye te rete sou yon pedal. Men l' te kenbe gidon an toujou. Li t'ap gade bòs la. Bòs la te santi yon lavalas nan kè l'. Li te anvi jete penso a atè pou li kouri anbrase tifi a. Li te vle anbrase l' jan li te konn anbrase Nannsi. Mezanmi, yo te sanble vre !

Lè tifi a te remake bòs la t'ap gade li tou, li te poze yon kesyon tou dousman : « Mesye, èske ou se yon vakabon ? »

Malgre tout doulè ki t'ap fann kè bòs la, li te fòse pale : « Non, cheri. Se yon bòs pent mwen ye. »

Tifi a te kite bekàn lan pou li mache rive sou kote bòs la t'ap pentire.

« Aaa. M' byen kontan ou pa yon vakabon, paske manman m' toujou di m' mwen pa sipoze ap pale ak vakabon yo. Donk, nan ka sa a nou ka fè zanmi, pa vre ? Non mwen sa Mariya. Di m' non mesye, èske ou pa genyen yon pitit fi ? Depi lekòl ouvri mwen pa jwenn okenn ti zanmi pou jwe ansanm avè m'. Di pitit fi ou la pou

li sòti vin fè jwèt ansanm avè m'. M'a bay li monte ti bekàn mwen an. M'ap dakò pou li jwe ak tout pope mwen yo tou. »

Pandan tifi a t'ap pale, li t'ap avanse sou bòs la. Li di ankò : « Koute mesye, ou sanble anpil avèk papa m'. » Dlo t'ap koule nan je bòs pent lan koulye a. Tifi a di toujou : « Enben, ou genyen yon pitit fi, pa vre ? Mesye ? Apa w'ap kriye. Poukisa w'ap kriye ? »

Bòs la te mal pou pale. Kanmenm li te di konsa : « Non, cheri. Ti Nannsi mwen an... »

Tifi a tonbe pale ankò : « Ooo ! Tifi ou a rele Nannsi ? Se yon bèl non, wi ? »

Bòs la te kontinye : « Koute non. Ti Nannsi mwen an nan syèl la ansanm ak Jezi epi zanj yo, tande ? »

Tifi a te avanse ankò sou bòs la epi te lonje men l'. Li di : « Epi w'ap kriye paske tifi ou a ansanm ak Jezi epi zanj yo ? » Li fin poze ti men piti li a sou ponyèt bòs la. Ak tout jantiyès, tifi a te di konsa : « Dezole. Mwen renmen ou. Ou vle konnen yon bagay ? Papa m' te ale nan syèl la avan yè. Mwen menm ak manman m' te kriye anpil tou. Men, manman m' ansanm avè m', nou te pwomèt papa m' yon jou nou va vin jwenn li nan syèl la. Mwen pa konnen kilè nou prale, men mwen ta renmen ale koulye a paske mwen sonje papa m' anpil, sitou lè m' kouche pou m' dòmi. Li te konn rakonte bèl istwa Jezi yo pou mwen anvan m' dòmi. Mwen toujou santi m' tris depi lè a rive pou m' dòmi. Men koulye a, manman m' rakonte bèl istwa yo pou mwen. Li fè m' sonje nou prale nan syèl la pou n' wè papa m'. Se poutèt sa mwen pa tèlman tris ankò. Mwen konnen nou pral wè li. »

Aprè sa, bèl ti bouch inosan tifi a te prezante yon kesyon jenn papa a pa t' vle tande : « Mesye, ou pa t' pwomèt tifi ou la ou pral wè li yon jou nan syèl la ? »

Pandan dlo t'ap ponpe nan je l', bòs la te oblije reponn : « Non. Ti Nannsi mwen an te ale nan syèl la pandan mwen t'ap travay. M' pa t' la. »

Tifi a di konsa : « Men, mesye, jou antèman an, ou pa t' pwomèt Bondye yon bon jou ou prale nan syèl la pou wè Nannsi ? »

Bòs la te santi yon lòt kout kouto nan kè l'. Li te santi li wont, tou kondane.

Bòs la te di konsa : « Ti cheri m' lan, ou pa panse manman ou ap chache ou ? »

TIMOUN K'AP FÈ LWANJ BONDYE

Li lè pou ou ale, m' panse. »

« Byen petèt. » Tifi a te touche ponyèt mesye a ankò pandan li te vire pou l' ale. Pandan li t'ap avanse nan wout la sou ti bekàn lan, li te vire pou l' voye men bay bòs la. Li di :
« Mwen pral priye pou ou. Orevwa, mesye. Jezi renmen nou toude. »

Jenn papa a pa t' vire. Li te rete ap swiv tifi a jouk li pa t' kapab wè li ankò. Avèk penso a nan men li, epi avèk dlo nan je li, li te bese tèt li. Yon lagè t'ap fèt andedan li. Li p'ap janm wè ti Nannsi ankò. Se lè sa li te tandè pawòl tifi a ankò :
« Jezi renmen nou. »



« O ! Bondye ! Padone mwen ! M' genyen espwa toujou ! »

Bòs la te tonbe konfese peche li yo. Li te resevwa soulajman ak lapè. Doulè a ki te nan kè li te kite li. Se te espwa ki te bouyi monte anlè a pito. Tankou yon lank pou yon bato, espwa a te kenbe kè li solid. Avèk men l' yo anlè, bòs la te leve vwa li pou li di konsa :
« Poutèt gras Ou, poutèt padon Ou, chè Papa, mwen va wè Nannsi ankò nan syèl la. »

Aprè sa, ak yon vwa ki prèske pa t' ka pale, li te priye toujou : « Papa nou ki nan syèl la, beni epi kenbe ti zanj piti sa a ki te mennen kè vye pechè sa a pou li twouve konsolasyon ak repo. »
Se vre wi, « Ou fè timoun piti ak tibebe nan tete fè gwo lwanj pou ou » (Matye 21.16).

—Filip Konmtòn

The Gospel for Youth (Levanjil la pou jèn yo)



Ede Nouvo Konvèti Yo

Nan lanati, nou kapab wè byen klè kijan bèt yo toujou ap repwodwi. Se nòmral. Pou pifò bèt, yon pitit ki apenn fèt bezwen resevwa swen lakay paran li yo. Yo okipe l'. Yo pwoteje l'. Yo ba li nouriti.

Se konsa li ye nan wayòm Bondye a tou. Yon Kreyen repwodwi lè li « fè pitit » nan lafwa, ki vle di lè li kondwi yon moun pou li mete konfyans li nan Jezi Kris. Menm jan avèk bèt yo, ti pitit sa yo bezwen resevwa swen. Yo bezwen pwoteksyon. Yo bezwen nouriti. Se Kreyen ki gen plis matirite yo ki pou ede nouvo konvèti yo grandi nan lavi kreyen an.

Sa konn rive kote pafwa nou gen tandans dekouraje lè n' voye je nou gade kantite moun nan legliz la ki toujou nan bezwen. Sila yo ki gen matirite ka eseye okipe sa ki fèb yo, men souvan sa fatigan pou yo epi li mande anpil sakrifis. Pafwa ansyen yo pa enterese ase pou yo ede nouvo konvèti yo vre. Nou mete nan tèt nou nouvo konvèti sa yo oblije aprann degaje yo. Men, genyen yon bagay ki vrèman enpòtan nan legliz la : Se pou n' toujou tandè kri « tibebe » yo. Depi Kreyen yo pa enterese nan « sa ki pi piti, » se yon siy yon mank esprityèl. Jezi te ede nou konprann koze sa a lè Li te di konsa : « *Kanta moun ki fè youn nan timoun sa yo ki kwè nan Mwen tonbe nan peche, li ta pi bon pou li si yo ta mare yon gwo wòl moulen nan kou l' voye l' jete nan fon lanmè* » (Matye 18.6). Avètisman sa a ta sipoze frappe nou fò. Li ta dwe pouse nou pou n' sakrifye tèt nou poutèt sila yo ki pi piti nan lafwa a. Nou ta dwe ze pou n' ede nouvo konvèti yo rive grandi nan lavi kreyen an.

Kèk Direktiv Pou Ede Moun Rive Nan Matirite Espirityèl

Kòman mwen kapab ede yon moun ki « tibebe nan Kris » pou li grandi nan lavi kreyen li ?

Premyèman, ann gade kijan ansèyman enpòtan. Li esansyèl pou nou prezante epi esplike Bib la pou nouvo konvèti yo. Nou ta dwe mete tan apa pou n' ede yo jwenn repons pou tout kesyon yo genyen yo. Fòk yo vin konprann vokabilè ki nan Bib la. Apòt Pyè di konsa : « *Tankou timoun ki fenk fèt, se pou nou kriye dèyè bon lèt san dekoupe ki sòti nan Bondye, pou nou kapab grandi...* » (1 Pyè 2.2). Sa moun yo pi bezwen pou yo byen grandi se Pawòl Bondye a. Se sa ki va pi gwo nouriti a pou yo. Nan gran komisyon Jezi te kite pou nou an, nou kapab remake enpòtans ansèyman :

« *Ale fè disip pou Mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a.* ²⁰*Montre yo pou yo obsève tou sa Mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen : Mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba* » (Matye 28.19–20). Ann pa janm bouke anseye verite yo ki nan Bòn Nouvèl la.

Konsa tou, li enpòtan pou nou montre pasyans ak renmen anvè nouvo konvèti yo. Ann eseye konprann yo epi ba yo tan pou yo aprann. Se konsa yo va grandi nan lavi Kreyen an. Nou dwe renmen yo menm lè yo manke matirite. Gade kijan sa ye avèk yon paran ki genyen yon tibebe. Lè tibebe a demontre konpòtman yon tibebe, paran an souri avè l'. Li souri paske li rekonèt tibebe a pou sa li ye—yon ti bebe. Yon nouvo konvèti ta sipoze wè yon souri sou vizaj ansyen yo menmsi li bay yon konpòtman ki manke matirite. Genyen moun ki di piga ou tolere okenn dezòd lakay nouvo konvèti yo, sinon w'ap ouvri pòt la pou lòt yo fè menm bagay la. Men, lide sa anpeche kwasans nan asanble a. Li kreye yon sityasyon kote tout moun ap gade sou nouvo konvèti yo pou wè kijan yo kapab aji yo menm. Sa ki pi bon se anplwaye anpil pasyans ak nouvo konvèti yo pandan y'ap aprann mache.

Ki valè pasyans legliz la dwe genyen anvè yon nouvo konvèti ? Konbyen tan yo va bezwen pou yo grandi ? Pou n' reponn kesyon sa yo, li ta bon si nou ta byen gade tout ti siy matirite ak devlopman ki parèt nan lavi yon nouvo kwayan. Depi genyen siy kwasans, menmsi siy yo piti, nou kapab bay moun lan plis tan toujou. Nou ka pran pasyans. Pa kont, nou bezwen veye byen pou n' pa rive yon kote n'ap tolere dezòd ki pa janm pwogrese anvè matirite.

Pou n' gen ekilib, ann sonje kijan obeyisans se yon bagay ki nesèsè pou kwasans ak pou matirite. Li esansyèl pou moun ki « timoun nan lafwa » konnen sa legliz la vle wè lakay yo. Sa va ede moun lan mache pi byen, epi santi li an sekirite pandan li konnen sa moun yo espere lakay li. L'ap lib pou li obeyi. Anmenmtan tou, nouvo konvèti a dwe rive konprann ase pou li ka fè diferans ant gwo doktrin bibliy yo epi tèt aplikasyon legliz la gentan chwazi pou lavi y'ap mennen ansanm chak jou. Se pandan moun lan nan faz sa a, li sipoze aprann swiv direksyon Sentespri a kòm gid pou lavi li. L'ap kòmanse separe tèt li ak lemond ak vye dezi li yo.

Moun ki nouvo nan lafwa gen tandans faye pafwa. Fòk nou sonje kijan padon ak restorasyon se bagay ki kle lè moun tonbe. Fòk nou fèt atansyon pou n' toujou genyen Lespri Kris la lakay nou. Konsa, nou p'ap dekouraje nouvo konvèti yo. Li enpòtan pou n' ede yo korije tèt yo. « *Frè m' yo, si nou bare yon moun ap fè yon bagay ki mal, nou menm ki gen Lespri Bondye a nan kè nou, se pou nou mete l' nan bon chemen.* »

Men, fè sa avèk dousè. Epi nou menm bò pa nou, veye kò nou pou nou pa tonbe nan tantasyon tou. Se pou nou yonn ede lòt pote chay yo. Se konsa n'a obeyi lalwa Kris la » (Galat 6.1–2). Nou dwe demontre konfyans nan nouvo konvèti yo. Konsa, y'ap kapab grandi epi devlope matirite nan lavi espirityèl yo.

Nan mitan frè sè yo nan yon asanble, pataje lidè konsènan konpòtman nouvo konvèti yo se bagay ki gen plas li. Men, fòk nou veye pou n' pa tonbe nan fè tripotay sou do yo. Si nou mache gaye nouvèl tout move pa moun yo fè, sa kapab fè yo santi lavi pèsone yo se bagay ki ekspozè devan tout moun. Sa pa bon.

Rann sèvis se yon bagay ki va ede nouvo konvèti yo grandi nan lafwa. Pandan y'ap sèvi lòt yo, yo va twouve kwasans pou tèt pa yo. Li enpòtan pou nouvo konvèti yo aktif nan aktivite legliz la. Yo dwe ap egzèsè kapasite yo epi kontribye nan lavi legliz la tou.

Li enpòtan tou pou sila yo ki gen matirite jwe wòl « paran espirityèl » pou nouvo konvèti yo. « *Menmsi nou ta rive gen 10 000 moun k'ap kondwi nou nan lavi n'ap mennen ansanm ak Kris la, nou pa ka gen anpil papa. Si n'ap konsidere lavi n'ap mennen ansanm ak Kris la, se mwen menm ki papa nou, paske se mwen menm ki te pote bon nouvèl la ban nou* » (1 Korènt 4.15). Apòt Pòl te yon papa pou moun yo ki te resevwa Bòn Nouvèl la nan men li. Nan legliz Kris la, nou bezwen frè ki dakò jwe wòl « papa » ki pran responsab pou nouvo konvèti yo. Note byen kijan yon pwofesè se yon moun ki kapab annik parèt nan salklas la pou li travay, epi apre sa fè wout li (malgre se pa sa li dwe fè). Pa kont, yon papa va responsab pou timoun li yo toutan, tout kote. Lavni timoun lan gen plis enpòtan pou paran li yo pase pou pwofesè a. Konsa, yon papa ki saj p'ap rete nan wout. Li va fè tout sa ki nesesè pou pitit li a resi devni yon granmoun ki saj epi ki itil. Yon « papa espirityèl » demontre menm swen sa a pou « pitit espirityèl » li yo.

Bagay Ki Ka Bare Moun Ki Nouvo Nan Lafwa

Ann konsidere kèk bagay ki ka anpeche bon devlopman espirityèl lakay nouvo konvèti yo.

Si asanble a touye je sou bagay chanèl lakay ansyen manm yo, sa genyen yon efè negatif sou sila yo ki « tibebe nan Kris. » Nouvo Kreyen ka sansib anpil sou kesyon separasyon ak lemonn epi mekanste. Yo ka zele anpil sou kesyon obèyans. Depi yo wè bagay chanèl lakay ansyen yo, sitou si li prezan lakay lidè yo, sa va kreye konfizyon lakay yo epi yo va mal devlope.

Menm bagay la kapab fèt lè nouvo yo remake ipokrizi (kontradiksyon) lakay ansyen yo. Si yo wè asanble a egzijian anpil sou tèl pwèn pandan yo lach sou yon

(kontinye nan paj 20)

DANYÈL NAN FÒS LYON AN

Danyèl Reyisi nan Egzamen an

Kounyeya Babilòn te vin fè pati wayòm Pès la. Nan epòk sa a, Danyèl te vin granmoun. Li te gentan sèvi Bondye pou plis pase katreven lanne. Li te resevwa anpil benediksyon espesyal nan men Senyè a.

Dariyis, wa Pès la, te respekte Danyèl epi te mete li chèf sou tout prens ak gouvènè yo. Sa te fè lòt prens yo jalou anpil. Konsa, yo t'ap chache kèk defo lakay Danyèl, men yo pa t' kapab jwenn anyen. Li te fidèl epi onèt. Finalman, yo te deside : « Sèl chans nou se nan relijyon li ! »

Yo te ale kote wa a pou di : « Tout gouvènè yo dakò pou fè yon lwa ki pou dire trant (30) jou kote pèsonn pa dwe lapriyè lòt bondye oubyen lòt moun, eksepte ou menm, monwa. Si yon moun ta dezobeyi lwa sa a, yo dwe jete li nan fòs lyon an. » Dariyis te tonbe nan pyèj yo a epi li te siyen lwa a.

Nouvo lwa a pa t' chanje fidelite Danyèl pou Bondye. Twa (3) fwa pa jou, ak fennèt li louvri, li te mete ajenou. Li te lapriyè epi renmèsye Bondye menm jan li te konn fè oparavan.

Prens yo te jalou epi yo t'ap veye Danyèl. Konsa, yo te kouri ale kote wa Dariyis. Yo te di : « Genyen yon nonm ki pa obeyi lwa w' la. Danyèl ap lapriyè Bondye twa (3) fwa pa jou. »

Lè sa a, wa a te regrèt anpil dèske li te siyen yon lwa konsa. Li te renmen Danyèl. Konsa, li te pase tout jounen an ap eseye jwenn yon fason pou l' delivre Danyèl.


Jou swa sa a, prens yo te retounen kote wa a. Yo te fè li sonje : « Ou te siyen yon lwa, epi li pa kapab chanje ! » Finalman, wa a te bay lòd pou yo jete Danyèl nan fòs lyon an.

Tout nwit lan, pandan wa a pa t' ka dòmi, lyon yo t'ap gade Danyèl, men yo youn pa t' mòde li. Nan denmen maten byen bonè, Dariyis te kouri ale bò fòs lyon an. Kè l' t'ap bat fò pandan li te rele : « O Danyèl, èske Bondye w' la te delivre w' nan bouch lyon yo ? » Epi, li te tande yon vwa reponn—se te vwa Danyèl !

Danyèl te di : « Bondye mwen an te voye zanj Li pou fèmen bouch lyon yo. Yo pa fè mwen anyen paske mwen pa t' fè sa ki mal. »

Wa a te kontan anpil dèske Bondye Danyèl la te sove li. Li te bay lòd pou yo jete prens ki te akize Danyèl yo nan fòs lyon an. Lyon yo te byen grangou epi yo te devore yo tout.

Danyèl chapit 6



Bondye pwoteje Danyèl kont lyon yo.

Nou pa bezwen pè. Mwen la avèk nou ! Nou pa bezwen kite anyen ban nou kè sote. Se Mwen menm ki Bondye nou. M'ap ban nou fòs, M'ap ede nou. M'ap soutni nou ak fòs ponyèt Mwen ki pa janm pèdi batay. (Ezayi 41.10)

Konbyen fwa Danyèl te lapriyè chak jou ?
 Poukisa yo te mete Danyèl nan fòs lyon an ?
 Èske lyon yo te fè Danyèl mal ?

Itilize avèk pèmisyon :
 Christian Aid Ministries, Berlin, Ohio
 Atik sa a sòti nan : 101 Pi Bèl Istwa Nan Bib La © 1994

lòt, nouvo yo kapab tou dekouraje poutèt sa. Yo ka rive abandone lafwa a menm. Anbisyon pou bagay materyèl se yon lòt bagay ki, si li prezan lakay ansyen yo, va kreye konfizyon lakay nouvo konvèti yo. Petèt yon nouvo konvèti kapab santi yon chalè pou li evanjelize plis epi pou li okipe bagay Bondye yo sèlman. Si li remake ansyen yo gentan frèt sou pwèn sa a, sa va sèvi kòm yon obstak pou kwasans li.

Yon lòt obstak pou kwasans lakay sila yo ki nouvo nan lafwa a se konfli ak kont pami frè sè yo nan legliz la. Depi genyen konfli ak divizyon nan yon legliz, se nouvo yo ki soufri pi plis. Èske nou va kite lògèy ak egoyis ki manifeste lakay nou lakòz youn nan « pi piti » sa yo tonbe ?

Men yon bagay ki klè: se fasil pou ou jwenn moun ki legliz lontan epi ki toujou rete kòm tibebe esprityèlman, malgre yo genyen anpil tan depi yo konvèti. Kòm yon egzanp, Ebre 5.13 di nou konsa : « ***Se timoun ki nan bwè lèt, paske timoun pa gen kont esperyans pou konnen sa ki bon ak sa ki pa bon.*** » Pasaj sa a te ekri pou moun ki te deja pase yon bon valè tan depi yo te konvèti men ki pa t' ankò devlope kalite yo ki vini ak matirite esprityèl. Yo te la lontan deja, men reyalyte a te epwouve yo te toujou bezwen ti lèt tankou yon tibebe ki apenn fèt. Nan 1 Korent 3.1, li pale sou yon « timoun esprityèl » ki chanèl toujou : « ***Men, frè m' yo, pou di vre, mwen pa t' kapab pale ak nou tankou ak moun ki gen Lespri Bondye a nan kè yo. Mwen te blije pale ak nou tankou ak moun k'ap viv dapre lide ki nan lemonn, tankou ak moun ki timoun toujou nan konfyans yo nan Kris la.*** » Apòt Pòl te rekonèt bagay chanèl lakay kwayan yo nan lavil Korent. Konsa, li te adapte mesaj li a kòm si se te pou timoun. Li te repwoche yo pou eta yo, epi li te pale ak yo sou kijan yo te bezwen grandi nan lavi kretyen an. Men, genyen yon lòt kalite « tibebe esprityèl » nan legliz la toujou. Se sila yo ki « parèt pi fèb nan kò yo. » « ***Okontrè, manm ki parèt pi fèb nan kò nou, se yo ki pi nesèsè*** » (1 Korent 12.22). Petèt Pòl ap pale sou moun ki andikape, osinon moun ki genyen pwoblèm emosyonèl. Genyen moun ki bezwen èd plis pase yon lòt. Se nòmal, epi nou pa dwe janm kont yo poutèt sa.

Alafen, swen « tibebe » sa yo, ansanm ak moun ki manke matirite nan legliz la, se yon travay ki gen tout enpòtans li. Se pou Bondye ede nou chak pou nou konnen kijan nou ka ede moun sa yo jouk yo devni moun ki mi nan lafwa epi ki itil nan wayòm Bondye a.

—Lik Bennetch

Pilgrim Witness (Temwanyaj Pelèren an)

Nou gen pèmisyon itilize tèks sa a.



ISTWA MATI YO

Chè Lektè, nou ta renmen prezante yon nouvo seri ki pral fè pati Flanbo Verite a koulye a. Pou chak nouvo Flanbo, nou konte mete istwa yon disip ki te fidèl pou Senyè a malgre yo te anba gwo presyon mond la. Nou va kòmanse avèk detwa nan disip yo ki te fè pati Douz (12) la, epi ki te mouri poutèt lafiwa yo nan Kris. Apre sa nou konte swiv menm tras san sa a pou n' gade lòt mati ankò ki te viv nan syèk yo ki te vini apre sa. Se pou nou tout jwenn kouraj nan istwa sa yo, konsa pou nou rete « fidèl jiska lanmò. »

—editè yo

Apòt Filip–Lanne 54 Apre Kris

Filip se te yon moun lavil Betsayda nan peyi Galile. Madanm li ansanm avèk pitit fi li yo te gen bon temwanyaj (Jan 1.44, 12.21).

Jezi Kris te jwenn li epi te rele l' kòm yon disip pou vin swiv Li. Filip te fè sa avèk fidelite. Li te tèlman fidèl, lè l' te jwenn avèk Natanayèl, li te di l' li te jwenn Sila a Moyiz avèk pwofèt yo te anonse a epi li te mennen l' bay Jezi. Filip te di Natanayèl kijan Jezi, moun Nazarèt la, se te vrè Mesi a (Jan 1.45).

Depi lè sa a, Filip te toujou swiv Kris. Li te koute ansèyman Li yo epi li te wè mirak yo Jezi te fè pou glorifye Pawòl Bondye a. Konsa, Kris te mete Filip kòm yon apòt epi Li te voye l' al preche Levanjil la. Jezi te vle pou Filip preche Bon Nouvèl la bay pèp Izrayèl la dabò. Pèp Izrayèl la te tankou yon bann mouton ki te gaye epi lòt apòt yo te eseye ba yo Nouvèl la menm jan avèk Filip (Matye 10.3 ; Lik 6.13–15).




Jezi te gade Filip kòm youn nan pi bon zanmi Li yo. Lè Jezi tapral bay 5 000 moun yo manje, Li te mande Filip konsèy—yon fason pou L' eseye l'—kote Li te di Filip : « Kibò nou ta ka jwenn manje pou n' achte pou n' bay moun sa yo manje ? » (Jan 6.5).

Jezi te enstwi Filip avèk jantiyès lè l' te mande Jezi pou L' montre yo Papa a. Lè sa a Jezi te reponn li konsa : « Depi

(kontinye nan paj 25)

SEKSYON PARAN



Disip Jezi Kris

Lafwa e Santiman

Leson 8d

Menm lè a, papa tibway la di byen fò : « Mwen gen konfyans nan Bondye ! Men, vin ede m' pou m' ka gen plis konfyans toujou » Mak 9.24.

DOUT

Dout se yon santiman li ye, epi li kanpe an kwa lafwa ann aksyon. Pou konprann dout, nou bezwen byen konprann lafwa dabò. Nan Ebre 11, nou jwenn anpil moun ki te gen lafwa. Kòman nou konnen yo te gen lafwa ? Se pamwayen *aksyon* yo te poze yo. Nou pa dwe konprann lafwa sèlman pou sa li ye, men pou sa li fè Sonje vèb yo ki parèt

nan Ebre 11. Pamwayen lafwa Abèl te *ofri*. Pamwayen lafwa Noye te *bati*. Abraram te *pati*. Abraram te *asepte ofri* Izarak. Moyiz te *refize*...li te pito kite yo *maltretè*...*li te konsidere li te pi rich lè yo t' ap pase l' nan betiz pase si l' te gen tout richès ki nan peyi Lejip la*...li te *kouri kite Lejip*...*lipa t' chanje lide*. Nou pa vle di ke sa nou panse e sa nou santi konplètman dekonekte avèk lafwa, men nou vle di ke sa nou *fè (konpòtman nou)* genyen plis rapò avèk lafwa ak mank lafwa pase *santiman* (sa nou santi).

Konsa, pafwa dout prezan menm lè yon moun ap ajì ak lafwa. Depi ou wè yon moun genyen yon lafwa ki fò e yon lòt moun genyen yon lafwa ki fèb, se dout ki kreye diferans lan. Plis nou gen dout, se plis lafwa nou fèb. Dout toujou koupe nan rasin lafwa. Depi dout nou yo mwens, se plis lafwa nou fò. Nou pa pretann di moun nan Ebre 11 yo pa t' genyen okenn dout, men nou ka sèten yo te ajì pa lafwa malgre dout yo. Sa yo te fè (konpòtman yo) te pi enpòtan pase jan yo te santi yo.

Nan liv Mak la, nou wè lit la nan papa pitit ki te genyen denmon sou li a. Papa a te esprime lafwa li, e li te konfese enkredilite li tou nan yon sèl deklarasyon. « Mwen kwè, men ede mwen ! » Malerezman, disip yo, ki te gentan wè Jezi fè anpil mirak e ki te menm fè mirak yo menm, pa t' genyen ase lafwa pou sityasyon sa a. Nan yon lòt pasaj ankò, nou remake ke malgre disip yo te kwè Jezi te kapab geri maladi, yo te etonnen paske Jezi te kalme yon tanpèt. Epi malgre li te gentan leve moun mouri nan prezans yo, disip yo pa t' kapab konprann Li tapral leve sòti nan lanmò Li menm tou.

Nou tout sanble avèk papa ti gason sa a epi avèk disip yo. Nou kwè nan yon Bondye nou kapab konprann. Nou kapab mete konfyans nan Li toutan L'ap ajì selon sa nou espere. Men nou toujou mal pou kwè nan sila a ki « ***kapab fè plis pase tou sa nou ka mande, plis pase tou sa nou ka mete nan lide nou*** » (Efezyen 3.20).

Dout koupe nan rasin lafwa nan anpil fason. Zakari te doute lè zanj la te di li madanm li tapral fè yon ti gason. Pyè te doute lè Senyè a te di li nan yon vizyon « touye e manje » zannimo ki pa t' pwòp nèt, sa vle di, asepte moun lòt nasyon yo. Noye te kapab santi dout lè Bondye te mande l' bati yon bato sou tè chèch. Abraram te kapab santi dout lè li tapral derape nan yon vwayaj long san konnen ki kote li taprale. Li te ka santi dout lè li tapral ofri pitit gason li te resevwa pamwayen yon mirak. Lafwa toujou egzije nou pou nou travèse dout nou yo. Lè Senyè a ban nou yon travay pou nou fè, nou pa dwe mete limitasyon sou kòman Li dwe fè sa L'ap fè a. Nou pa dwe mete limitasyon sou kilè Li pral fè l'. Epi nou pa dwe limite Li nan ki jan nou pral patisipe nan travay la nou menm.

Dout nou t'ap diskite jis kounyeya se yon dout ki genyen rapò avèk travay Bondye e volonte Bondye. Epi lafwa mande nou venk tout dout nou genyen sou abilite Bondye e sou otorite Bondye. Men, genyen yon lòt kalite dout, Bib la mande pou nou trete nan fason diferan. Se yon dout ki manifeste nan konsyans yon moun. Nan Women 14, Pòl di kèk kwayan Jwif te doute libète yo pou viv anwo lafwa, espesyalman sou kesyon ki manje pou yo manje. Konsyans yo pa t' pèmèt yo manje bagay lafwa te defann yo manje. E Pòl te di yo pa meprize dout sa yo. Li di konsa, « **Men, moun ki gen doutans sou sa l'ap manje a, Bondye kondane l' lè l' manje l', paske li aji san konviksyon. Tout sa ou fè san konviksyon se peche** » (Women 14.23).

Konsyans nou se yon kado Bondye. Li kapab fòme epi li kapab defòme. Epi erezman li kapab refòme tou. Men nou pa dwe janm vyole konsyans nou. Lè nou vini kote Senyè a, konsyans nou vini yon gid andedan nou ki enpòtan si Sentespri pral dirije nou. Konsyans nou vin sansib pou Pawòl Bondye e pou volonte Bondye. Yon lavi pa lafwa se yon lavi ki nan amoni avèk konsyans lan. E se Bib la ki fòme konsyans lan, pandan se Lespri Bondye ki kontwole l'. Konsa dout konsyans diferan avèk dout enkredilite. Lè se Senyè a ki mande nou fè yon bagay, nou dwe inyore santiman nou yo epi aji nan lafwa. Men, lè se konsyans nou ki avèti nou pa fè yon bagay, nou dwe bay dout sa yo valè, osinon se vyole nou pral vyole lafwa nou.

Kesyon pou Etidye :

Kisa dout ye ? Kòman dout afekte lafwa ?

Kòman moun idantifye lafwa ?

Kòman Ebre 11.33–35 eklere konpreyansyon nou sou lafwa ?

Ki diferans ki egziste ant yon lafwa fèb e yon lafwa fò ?

Ki dout Noye te ka genyen ? E Abraram ? E Moyiz ?

Ki egzanp nou genyen nan Bib la kote disip Jezi yo te doute ? Ki egzanp nou genyen kote yo te egzèse lafwa ?

Nan ki fason nou wè dout melanje avèk lafwa nan papa ti gason ki te genyen denmon sou li a ? Poukisa lapriyè papa li se yon bon lapriyè ?

Fè lis twa (3) bagay ki se prèv yon moun gen konfyans. Bay yon egzanp sou chak nan Bib la.

Èske lè nou aji lafwa sa ede nou pote laviktwa sou dout ? Kòman ?

Ki kalite dout Pòl te diskite nan Women 14 ?

Kisa nou sipoze fè ak konsyans nou? Kilè nou dwe swiv li, kilè nou dwe inyore li ?

Ki reyaksyon ki kòrèk lè nou kòmanse santi dout annegad pisans Senyè a oubyen annegad otorite Li ?

Ki reyaksyon ki kòrèk lè konsyans nou fè nou santi tèl bagay pa bon pou nou fè ?

(liv sa a va kontinye nan pwochen edisyon an)

—John Coblentz

Utilize avèk pèmision : *Christian Light Publications*, Inc

Harrisonburg, VA Ozetazini

Tout dwa rezève



(sòti nan paj 21)

tout tan sa a Mwen la avè nou, Filip, ou poko konnen M' toujou? Moun ki wè M', li wè Papa a » (Jan 14.8–9).

Gen yon lè kèk Grèk te anvi wè Jezi epi yo te vin mande Filip pou l' fè yo wè Li. Filip te ale kote Jezi ansanm avèk Andre pou di Jezi sa. Jezi te reponn yo : « Koulye a, lè a rive pou Moun Bondye voye nan lachè a resevwa lwanj ki pou Li a » (Jan 12.20–23).


Filip se te yon apòt ki te renmen Bondye anpil epi li te yon nonm jis. Li te rete kole avèk Jezi menm nan soufrans Li yo epi apre Jezi te resisite li te rete ansanm avèk frè yo jiskaské Sentespri a te desann sou yo dapre pwomès Jezi te fè yo pandan Li t'ap monte nan syèl la (Lik 24.32–33 ; Travay 2.4).

Apre Kreyen yo te fin gaye nan divès peyi, Filip te rete ap anseye pandan plizyè ane nan peyi Sikya. Li te enplante anpil legliz nan zòn sa a epi kòm li te reskonsab peyi Siri avèk pati Azi nò yo, li te fonde lafwa a nan pifò vil sa yo.

Finalman, Filip te rive nan peyi Figra epi li te fè kèk mirak nan vil Eriyapolòs la. Te gen yon gwoup moun nan zòn sa a ki te rele Ebonit yo. Moun sa yo pa t' kwè Jezi se te Bondye epi yo te adore zidòl. Malgre Filip te preche yo, yo pa t' vle koute l' kras. Okontrè yo te kanpe djanm nan move doktrin yo a avèk nan zidòl yo. Moun Ebonit yo te vin arete Filip epi yo te mare tèt li nan yon pot. Yo te kalonnen l' ak wòch epi li te mouri konsa nan bwa Kris. Apre sa yo te antere l' Eriyapolòs.



SEKSYON JENN



YON TI PRI POU PEYE YON SELEBRASYON FET NESANS

Chapit 22b

Avyon an te atè. Bri gwo motè yo t'ap bese, epi pasajè yo te kòmanse chache afè yo. Avyon an te apenn sispann woule atè a nan ayewopò Kichnev la lè de (2) gad ak inifòm sou yo te monte avyon an. Gad yo ki te avè m' nan avyon an te renmèt mwen nan men lòt gad yo ki te apenn monte avyon an. Se yo menm ki te fè m' sòti nan avyon an.

Solèy la t'ap klere, epi tout atè se te nèj epi sa te fè m' mal pou ouvri je m'. Malgre sa, mwen te remake yon moun etranj ki te parèt devan m'. Se te yon kolonèl ki te abiye ak bèl inifòm li a. Senk (5) sòlda te kanpe bò kote l'. Se mwen menm li t'ap tann. San di yon mo, li te mache sou mwen epi te minote m'. Ak yon sèl ti pawòl, nou tout te kòmanse mache kite avyon an dèyè.

Sanble nou te parèt kòm yon zen pou moun ki t'ap gade. Kolonèl la t'ap mache devan. Se te mwen menm ak de (2) grenn sòlda, youn chak bò, ki te swiv kolonèl la. Apre sa, twa (3) lòt sòlda t'ap mache dèyè nou.

Depi yon moun te parèt nan wout nou, kolonèl la te annik pase lòd : « Wete kò ou ! Deplase ! »

Se ri mwen te anvi ri. Mwen regrèt pa t' genyen yon moun ak yon kodak pou fè foto gran seremoni sa a. Mwen menm, yon senp prizonye, t'ap antre kòm yon gran zakè ki sitèlman danjere yo te oblije seke m' ak sòlda pou m' pa fè dega. Lide m' te tonbe sou lè Apòt Pòl te gen yon kolòn sòlda pou akonpaye l' pandan li t'ap kite Jerizalèm apre Jwif yo te fè konplo sou do l'. Èske Pòl te ri lè l' wè pakèt nèg yo ki te antoure li pandan li t'ap kite vil la ? Yon disip Jezi ka twouve l' nan yon seri sityasyon ki totalman etranj pafwa !

Mwen te tande yon vwa m' te rekonèt, men ki pa t' osi agreyab ki t'ap pale. Li te di : « Mwen kontan wè ou nan bon sante. » Ekip sòlda yo te gentan lage m' nan men moun prizon yo nan lavil Kichnev. Koulye a, m' te nan biwo nonm lan ki t'ap pale avè m' lan.

Mwen te leve je m' pou m' wè yon chèf nan KGB a. Se te Slekòv ! Se li menm ki te tèlman maltrete m' lè m' te nan Koloni Nimewo 9 la.

Li te pale pandan li t'ap vize dosye pa m' lan : « Talè ou va lage. Men, fòk ou konfòme ou selon lòd nou ba ou, epi piga ou vyole lalwa Sovyetik yo ankò. »

Mwen pa t' vrèman reflechi sou sa li t'ap di. Mwen te byen konnen se te bèl pawòl ase ; li pa t' vle di anyen vre. Otorite Sovyetik yo te fè sa yo vle. Pawòl yo pa t' vle di anyen ditou.

Mwen te pa t' fin konprann sityasyon an. Konsa, mwen te poze kesyon : « Poukisa nou te mennen m' isi a Kichnev? Poukisa nou pa t' lage m' nan lari Siberi tankou nou fè lòt prizonye yo ? »

Chèf la te gade m'. Li fè yon siy kòmsi li pa konnen. Apre sa, yon jan meprizan, li te souri epi li di konsa : « Li t'ap yon gwo risk si n' ta lage ou Siberi—twòp risk. »

Mwen te nan konfizyon : « Twòp risk ? »

Chèf la te reponn : « Se sa. Si n' te lage ou depi lòt bò a, distans pou w' rive isi a, yo t'ap gentan sanble tout yon fanfa pou fè gran seremoni pou akeyi ou isi a. Nou oblije lage ou nan yon sikonstans ki pi kalm. »

Yon fanfa ? Kisa ? Se lè sa a mwen te kòmanse konprann. Sanble anpil anpil moun t'ap swiv dosye pa m' lan. Dat liberasyon an te anonse, epi se pwobab kèk santenn moun te gentan konnen l', ni nan Larisi, ni nan lòt peyi.

Slekòv te deklare : « Nou p'ap dakò pou yon pakèt moun fè yon gran manifestasyon lè ou libere. »

Mwen te rete nan prizon Kichnev la pou plis pase yon mwa. Jou an jou, tansyon an ki te andedan mwen te monte pi wo. Èske toutbonvire yo tapral libere m' jou fèt mwen an ? Nan lapriyè, mwen t'ap di Bondye mèsi pou pwovizyon mèveye Li te fè pou mwen—mwen pa t' merite sa.

Jou lannwit ki te 18 Desanm lan, yo te di m' pou m' prepare pou m' ale depi a sizè demen maten. Malgre gwo siyifikasyon evènman ki tapral rive a te genyen, mwen te rive dòmi jou swa sa a.

Mwen te leve bonè, epi mwen te ranje valiz mwen.

Yon gad te parèt a sizè dimaten. Li di : « Swiv mwen. » Nan biwo a, yo te fouye valiz mwen. Mwen pa t' gen anpil bagay. Se te kèk slip ak detwa lòt ti bagay. Apre sa, mwen te genyen yon ti bout pen vlope nan yon papyè.

Chèf la te ouvri papyè a. Li di : « Ou pa gen dwa sòti ak okenn anyen ki se pwopriyete prizon an. » Li mete pen an sou biwo l'.

Mwen te fè yon siy pou montre chèf la sa pa anyen. Rezon ki te fè m' mete pen an nan valiz la se te paske mwen te vle montre pitit gason m' yo sa prizon an rele pen. Se wè pou yo te wè li osinon yo pa t'ap kwè sa m' di yo. Se te yon mistè pou mwen kòman moun te ka fè pen ki te sitèlman pa bon. Yo pa t' kwit li byen, ki vle di li te mou epi li te lou anpil. Si ou te voye l' sou mi a, mwen gen lide li te ka tou rete kole la a. Malgre li pa t' prèske bon pou anyen, chèf yo te deklare se pwopriyete prizon an li ye, fòk li rete. Yo pa t' dakò pou m' sòti avè l'.

Nou te monte yon machin. Yo te mete m' dèyè, epi yo te rale rido yo pou moun pa wè m'. Nou te pase nan baryè prizon an.

Se nan vit devan an ase mwen te ka voye je m' pou wè vil la. Se te vil lakay mwen, epi mwen te konnen l' byen. Chofè a t'ap kouri. Li pa t' pase sou gran ri yo. Li t'ap fè yon pakèt ti wout sou kote. Agòch adwat nou t'ap vire. Pafwa mwen te rekonèt nou te kite wout lakay mwen, men apre sa yo te vire ankò epi retounen nan bon wout la.

Mwen te pale ak sòlda a ki te chita sou bò dwat mwen an. Se li ki t'ap dirije misyon an. Mwen te mande l' : « Mesye, poukisa n'ap fè sa ? Mwen te ka ale lakay mwen san okenn pwoblèm. »

Repons lan te tou brèf. « Yo ban nou lòd pou n' mennen ou lakay ou. »

Solèy te apenn kòmanse leve. Vil la t'ap reveye, men paske li te bonè, pa t' genyen moun nan lari. Nou te fè trant (30) minit sèlman pou n' fin rive. Lè machin lan te rive devan kay la kote chanm nou te lwe a te ye, kaptenn lan te lonje dokiman m' yo ban mwen. Sòlda a te ouvri pòt la pou mwen. Mwen te sòti nan machin lan,

epi mwen te kanpe bò lari a. Èske se toutbonvre yo tapral lage mwen ? Èske mwen te lib toutbon ?

Sòlda yo te pran plas yo nan machin lan ankò. Motè machin lan te fè bri, epi machin lan te deplase vre. Se la m' te kanpe bò lari a.

Kè m' te kòmanse bat rapid sitèlman mwen te eksite pandan m' antre nan kay la. Chanm nou an se te anlè nan katriyèm etaj la.

Pandan mwen t'ap fè ti mache sa pou m' rive anlè a, sa te ban m' ase tan pou m' sonje mwen te mande Bondye pou Li fè m' rive lakay mwen menm jou yo te lage m' lan, jou fèt mwen an. Se sa menm ki t'ap reyalize.

Mwen te rive devan pòt chanm pa nou an. Mwen te oblije fè yon ti pòz pou m' pran souf. Apre sa, ak yon dwèt byen fèm, mwen te peze ti bouton sonnet la. Mwen te tande pye k'ap mache andan.

Apre sa, mwen tande vwa Vera ki di : « Yon ti moman. M'ap vini. »

Lòk pòt la te vire, epi pòt la te ouvri ti kras.

« Vera ! M' retounen lakay mwen. »

Ak yon bri tankou yon timoun, Vera te ouvri bra l' epi mwen te kouri anbrase li.

(Istwa sa a ap kontinye nan pwochèn edisyon an)

—Harvey Yoder

Itilize avèk pèmisyon |TGS International |Berlin, Owayo, Ozetazini | Tout dwa rezève



Aktivite Timoun

REPONS

Si ou fè mal paske yon lòt moun fè li
Hr lf uò nzo kzhpv blm oèg nlfm uò or

tou, sa pa vle di ou gen rezon.
glf, hz kz eov wr lf tvm ivalm.

SEKSYON TIMOUN



Yon Eskiz Ki Pa Valab Menm

Sèvis legliz la te tèmine. Konsa, mwen te leve nan ban kote m' te chita a epi mwen te sòti deyò. Mwen te al kote Andre ak Salomon. Dèyè m' te genyen Anri ak Pyè. Se te nou senk (5) ki te bon zanmi. Nou te toujou kontan ansanm.

Anri te pike m' bò kòt mwen pandan li di konsa : « Ey, Amòs, ou p'ap fè anyen apremidi a ? »

Mwen te oblije reflechi. Fanmi m' te genyen kèk bèf, epi fòk mwen gentan rive lakay depi 4:30 pou m' ede tire lèt. Konsa, mwen te rete yon bon ti tan devan m' toujou. Mwen reponn : « Non, m' pa gen anyen jouk pita. Sa k' genyen ? »

Anri di konsa : « Vini lakay mwen. M'a montre ou yon manman chwal ki fèk akouche lakay nou. »

Andre te parèt tou cho ak yon lòt lide : « Poko, mesye. Ann fè yon bagay nou tout ka fè ansanm pito. Men yon lide...ann manje kèk bon melon dlo. »

Mwen te sezi. Melon yo lakay mwen te rete kèk semenn toujou pou yo bon. Mwen te di Andre konsa : « Ou gen melon ki gentan bon deja ? »

Andre reponn : « Non, men mwen konnen kote nou ka jwenn detwa. Ou konnen granmoun lan, vè la yo rele Gonzalèz ? Pa gen moun ki fè melon plis pase li. Li gen yon kawo tè ki chaje melon. Li p'ap menm konnen si nou tout al plen vant nou. »

Lide a te fè m' pantan. Èske mwen te byen konprann sa Andre t'ap sijere ? Ale pran melon san pèmision ? Èske sa pa egal avèk vòl ? Epitou, tout moun te konnen vè Gonzalèz se yon madanm ki fè gwo kòlè. Sipoz li kenbe nou nan melon li yo ! Kòman sa va ye ?

Mwen te poze Andre yon kesyon : « Ou pa konnen madanm sa fache yon ti kadè ? Yon lè Jakòb Sannchèz te pase nan lakou li a avèk machin li. Madanm lan te kouri dèyè l' avèk yon rato ap joure l' byen joure. »

Andre te souri. « An. Ou pè rato a ? Mwen pa pè mwen menm. Epitou, madanm lan p'ap menm konnen. Genyen yon jaden mayi bò kote melon yo. N'ap pase ladan l' san li pa menm wè nou. »

Mwen pa t' tèlman pè vè Gonzalèz, men mwen pa t' fin renmen afè ale pran melon yo san pèmision, menmsi li te genyen anpil anpil melon. Konsa mwen te rete ap swiv. Mwen te panse petèt yon lòt nèg tapral kraze plan an pou nou tout. Depi yon lòt nèg te kanpe kont lide a, mwen t'ap kont li tou. Malerezman, pèsonn pa t' pale. Konsa, mwen te vin dakò ak lide a. Si lòt yo pa t' gen pwoblèm ak sa, mwen pa t'ap bay tèt mwen pwoblèm nonplis.

Andre te pran devan epi nou tout te swiv li. Mwen te eseye konpòte m' kòm si anyen pa t' anyen, men sa te difisil. Mwen pa t' ka konprann kijan lòt yo te alèz avèk sa nou t'ap fè a. Nou pa t' gen abitud manyen afè moun ditou. Lè nou te rive nan jaden mayi a, Andre te rale yon kanif nan pòch li.

Andre te anonse plan an : « Mwen te tou mache ak kanif sa a. Men sa n'ap fè : Rale chapo ou desann devan figi ou. Gade pou wè si ou pa wè vè la. Chache yon bèl melon, koupe l', epi tounen isi a kote n'ap manje l' ansanm. » Sa ki dwòl, se MWEN MENM li t'ap gade pandan li t'ap bay plan an.

« Poukisa se mwen menm ? Ou konnen kijan sa dwe fèt, fè l' ou menm pito ! »

Andre te gen yon repons pou sa : « Mwen se vwazen ak madanm lan. L'ap rekonèt mwen fasil. Nou tout gen plis chans pase m' pou nou reyisi. »

Andre te gade nou tout, men pèsonn pa t' dakò ale. Finalman, Andre te bougonnen : « Zafè nou. Si nou pè ale, m' pa pè. M' prale. »

Nou te rete ap veye pandan li te antre nan jaden melon an. Li t'ap voye je l' agòch

adwat. Apre sa, li avanse sou yon melon, epi li keyi l'. Li kouri vin jwenn nou avèk melon an.

Mwen te tou pare pou m' tandè vwa vè la k'ap rele dèyè nou. Men, silans.

Andre di konsa : « Ann avanse pi fon anba mayi a. » Li mete melon an atè epi li fann li. Melon an pa t' menm kòmanse mi. Li pa t' bon.

Andre voye melon an jete. Pandan li t'ap retounen nan jaden melon an li di konsa : « Genyen lòt. M'a jwenn. » Dezyèm melon an pa t' bon nonplis.

Anri te poze yon kesyon : « Pa genyen yon lòt kalite ? Sa k' pi piti yo konn mi pi vit. »

Andre reponn : « Si ou konnen kilès ki mi, al degaje ou. Men, si ou pran sa ki piti, pote plizyè, tandè ? M' kòmanse grangou la. »

Anri te ezite. Li di : « Enben, mwen p'ap pran nan sa ki poko janm mi, mwen menm. »

Konsa, Anri te retounen ak yon vye ti melon nan men li. Andre te koupe l'. Li te yon bèl koulè wouj andedan l'. Li te dous.



Andre di konsa : « Al pran de (2) lòt ankò, Anri. » Anri pa t' dakò : « Non. M' p'ap fè l'. »

Konsa, Andre te ale dèyè de (2) lòt ti melon. Yo te bon. Nou te manje tout. Nou te kouvri po yo avèk tè pou moun pa jwenn yo, epi nou te ale lakay nou.

Jou apremidi sa a mwen te fè tout efò pou m' bliye afè melon yo

pandan mwen t'ap tire lèt bèf yo. Men sa pa t' fasil. Konsyans mwen t'ap boulvèse m'.

Lendi te rive, epi bagay la pa t'ap tèlman manje m' toujou. Madi, lide m' te tonbe sou melon yo sèlman de (2) fwa konsa. Mèkredi te pi bon toujou. Mwen te kontan dèske bagay sa a te fini. Men, Jedi se te yon lòt afè. Se Jedi mwen te vin konprann se twonpe mwen t'ap twonpe tèt mwen nan afè melon an. Mwen te prèt pou kòmanse tire lèt ankò lè Anri ak Pyè te parèt devan kay la.

Mwen te di paran m' yo konsa : « M' pral kote yo pou wè sa yo genyen. » M' te sou plan. Mwen t'ap fè tout posib pou anpeche paran m' yo pale ak ti mesye yo.

Anri te kòmanse pale : « Ey, Amòs. Mwen gentan reflechi anpil sou melon sa yo nou te pran nan jaden vè Gonзалèz. Sa n' te fè a pa t' bon. »

Mwen te sezi. M' di konsa : « Ou menm tou ? »

Anri te kontinye : « Men wi. Ou santi menm bagay la avè m'. Lè m' te di Pyè sa, li fè m' konnen li pa t' alèz nonplis. »

Mwen di yo konsa : « Men mwen te konprann se mwen menm sèl ki t'ap souffri. »

Anri di : « Enben, ou pa pou kont ou. Nou menm, nou nan wout pou n' ale lakay vèw Gonzalèz pou n' peye l' pou melon yo. Ou kapab ban nou lajan pita lè nou konnen konbyen l'ap mande pou melon yo. Sa ou panse ? »

Mwen di yo : « Se sa. Mwen dakò. »

Anri ak Pyè te vire ale. Mwen te lage m' nan tire lèt. Men, genyen yon bagay ki t'ap manje m' toujou : Si se pa t' mwen menm sèl ki te malalèz avèk lide a, kòman fè nou toulesenk te rive dakò fè li ? »

Anvan lontan mwen te jwenn repons lan. Nou te fè l' paske nou tout te kapon. Nou chak te rete ap swiv lòt yo. Mwen te fè l' paske lòt yo te fè l'. Lòt yo te fè l' paske mwen te fè l'. Lè m' te byen analize bagay la, se te yon afè ki te tèt anba nèt.

Mwen te santi m' yon ti jan dekouraje Dimanch apre sèvis la lè pèsonn pa t' vle kanpe kont vye lide Andre te bay la. Men, koulye a mwen te konprann omwen de (2) nan lòt mesye yo te dekouraje tou pou menm rezon an. Nou chak te rete ap tann yon lòt moun pwoteste. Pèsonn pa t' gen kouraj fè sa ki dwat. Nou tout te kapon.

Sèl eskiz nou te ka bay pou sa n' te fè a se paske lòt yo te fè l' tou. Koulye a, pou yon premye fwa nan lavi m', mwen te dekouvri kijan sa se manti li ye. Se yon eskiz ki pa valab menm.

Tèks sa sòti nan *Living Together (Viv Ansanm)*

Pathway Publishers (Piblikasyon Chemen an)

Nou gen pèmisyon itilize tèks sa a.



Vèsè Pou Aprann

« N'ap di yon bann bagay ki pa laverite.

*Se move lide ase ki nan tèt nou. Se
mechanste ase n'ap fè » (Ezayi 59.4).*



Aktivite Timoun

Echanj lèt : Gade chak lèt ki parèt anba yon ti tras. Chache lèt yo nan bwat kòd la. Si ou twouve li nan ranje ki anlè a, ranplase l' avèk lèt la ki parèt tou dwat anba l' nan bwat kòd la. Si ou twouve li nan ranje ki anba a, ranplase l' avèk lèt la ki parèt tou dwat sou tèt li nan bwat kòd la.

Bwat Kòd La :

A	B	C	D	E	È	F	G	H	I	J	K	L	M
Z	Y	X	W	V	Ò	U	T	S	R	Q	P	O	N

Hr lf u ò n z o k z h p v b l m o è g

n l f m u ò o r g l f, h z k z e o v w r

l f t v m i v a l m.

(Repons nan paj 29)

*L*anmò kite yon doulè
pèsonn pa ka geri ;
renmen kite yon memwa
pèsonn pa ka vòlè.

—Enskripsyon sou yo tonbo nan peyi llann.

CHRISTIAN AID MINISTRIES

Cache Cache Douge
Rt. National 1, KM 25
Titanyen, Haiti

GRATIS !

Si ou ta renmen resevwa *Flanbo Verite A*, oubyen si ou gen nenpòt lòt kesyon, oubyen ta renmen resevwa èd esprityèl, nou ta kontan ede ou nan nenpòt fason nou kapab. Ou kapab kontakte yon moun nan adrès sa a.



*« Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon... »
(2 Pyè 1.19).*

Mwen Va Sèvi Jezi

Anpil moun site non Jezi souvan.
Yo di yo renmen l' toutbon,
men yo pa mache nan limyè a.

Yo agòch adwat nan jan yo viv,
jouk yo prèske pa konn kijan pou yo priye.
Y'ap viv yon pye andedan, yon pye deyò ;
epi yon nan chemen fayit.

Men mwen se yon Kreyen toutbonvre ;
Mwen pa dakò fè agòch adwat ankò.
Mwen bay tout mwen menm, TOUT mwen menm !
Se nan fason sa m'ap venkè.

Mwen limen limyè pa m' lan avèk konkou Bondye ;
Limyè a briye, li fò,
jouk li sove moun anba men Mechan an.

Mwen lage m' nan rann sèvis ;
mwen afebli, mwen desann, mwen toufe menm,
Tankou yon balenn,
mwen vle boule jouk mwen fini—tout pou Jezi.

—Pablo Yodè